QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI
VAZIRLIGI

230100, Nukus shahri, Dosnazarov ko'chasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

«26» июль 2021-y. №01-02/01-3415 «____»-__________ 2021-j.

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Ден саўлықты сақлаў**
**министри М.Қурбановқа**

**Ҳүрметли Мурад Исмаилович !**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў системасында 57 қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мәкемелери бар болып, олардан 49 билимлендириў мәкемесине 2021-2022-оқыў жылы ушын Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги ҳәм Мәмлекетлик тест орайының 2021-жыл 8-июндағы 49к/к-, 07/ққ-санлы қоспа қарары тийкарында 1980 оқыўшыға квота белгиленип, даўагер оқыўшылардың ата-аналары тәрепинен www.my.maktab.uz сайты арқалы электрон тәризде 5886 арзалар келип түсти.

Өзбекстан Республикасы Бас ўәзири орынбасарының 2021-жыл 3-июльдағы 07/9-19-санлы тапсырмасына тийкар қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мәкемелериниң тийисли класлары ушын тест сынаўлары усы жылдың 29-30-июль күнлери ўәлаят(республика) орайларындағы ашық павильонлар(аллея, майданлар) да өткизилиўи белгиленген.

Қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мәкемелериниң тийисли класлары ушын тест сынаўлары Мәмлекетлик тест орайы тәрепинен Нөкис қаласындағы Туран стадионында өткизилиўи жобаластырылған.

Жоқарыдағыларды есапқа алған ҳалда Сизден тест сынаўлары өтетуғын орында оқыўшылардың карантин қағыйдаларына әмел етиўин, олардың дене ыссылығын өлшеп киргизиў, аралық кашықлықты (1,5 метр) сақлаған ҳалда отырыўын қадағалаў ҳәмде ден-саўлығын қорғаў мақсетинде тийисли тәртипте медицина хызметкерлери менен тәмийинлеп бериўде әмелий жәрдем бериўиңизди сораймыз.

Хүрмет пенен,

**Министр** **Р.Реимов**

Орынлаўшы: М.Даулбаев
Тел: (61) 222-24-65

Xalq ta'limi tizimiga oid barcha yangiliklardan quyidagi havolalar orqali xabardor bo'lishingiz mumkin

www.uzedu.uz t.me/uzedu facebook.com/uzedu instagram.com/uzedu.uz